





PASE KRÈM NAN.



METE LINÈT SOLÈY.



METE YON CHAPO.



KOUVRI TOUT KÒ W AK RAD.



TOLERE MWENS SOLÈY.



HEALTHY
DELAWARE



HEALTHY
DELAWARE

Pou jwenn enfòmasyon sou risk kansè nan po ak konsèy pou prevansyon, rele Pwogram Kontwòl Kansè Konplè Divizyon Sante Piblik la nan **302-744-1020** oswa vizite sit entènèt yo a: **ProtectYourSkinDE.com**.

Enfòmasyon ke Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a bay (CDC). Vizite **cdc.gov/cancer/skin/**.



DWE ENTÈLIJAN AK SOLÈY LA.

Konnen risk ou genyen pou fè kansè. Pwoteje po w epi aprann fason pou rekonèt grenn bote.

ProtectYourSkinDE.com



DELAWARE HEALTH AND SOCIAL SERVICES
Division of Public Health
Cancer Prevention and Control Bureau



DELAWARE HEALTH AND SOCIAL SERVICES
Division of Public Health
Cancer Prevention and Control Bureau

TOUT MOUN ARISK

Ekspozisyon lontèm nan reyo ultravyolè (UVA ak UVB) ki andomaje premye kouch po w. Li ogmante chans ou pou devlope kansè nan po — fòm kansè ki plis kouran ozetazini. Solèy la pwodwi reyon UVA ak EVB, kabann pou bwonze ak lanp solè fè pwodwi menm bagay la tou. Yo lye ak melanòm malen, ki se kansè nan po ki plis mòtèl. Epi ou ta dwe evite yo. Tout moun ka trape kansè nan po, men ou menm genyen plis chans pou trape l si ou:

- **Genyen po klè, oswa zye ble oswa zye vèt**
- **genyen po ki brile, tach, epi po ki vin ki wouj toudenkou**
- **Genyen anpil grenn bote ki laj ak grenn bote ki genyen fòm inabtyèl**
- **Ekspoze ak solèy la souvan**
- **Genyen yon antesedan brili nan solèy, zanpoud, oswa bwonzaj anndan kay**
- **genyen yon antesedan pou kansè nan po**

LI FASIL POU PWOTEJE PO W

Itilize yon krèm solèy ki rezistans kont dlo ki genyen pwoteksyon kont UVA ak UVB, ak yon SPF gran dimansyon 30 oswa plis. Pase yon bon kantite epi re-aplike l chak de a twa èdtan, oswa plis souvan si w ap naje oswa w ap transpire.

Asire w ke ou kouvri tout kò w. Pwoteje zye w ak linèt solèy ki bloke 99 pousan oswa plis limyè UVA ak limyè UVB. Mete gran chapo ki kouvri tèt ou, figi w, kou w, ak zòrèy ou. Epi mete chemiz ak pantalon ki long.

Limite ekspozisyon nan solèy lè reyon UVA ak UVB yo plis danjre — apati 10 a.m. jiska 4 p.m. Pa kite timoun yo boule nan solèy. Ankouraje yo pou jwe nan zòn ki genyen lonbranjan oswa anndan kay.

KONEKTE PWEN YO

Regilyèman verifye po w soti nan tèt jiska zòtèy pou chèche ki inabtyèl yo. Chèche grenn bote ki difere de lòt, blese ki pa geri, nouvo kwasans nan po, ak grenn bote ki genyen youn oswa plis nan karakteristik **“ABCDE”** yo. Al wè yon dèmatològ touswit si ou genyen nenpòt siy avètisman.

A ASIMETRI

Grenn bote ak mwaye ki pa koresponn

B KONTOU

Grenn bote ki genyen kontou iregilye, kontou ki pa egal

C KOULÈ

Grenn bote ki genyen plizyè koulè


D DYAMÈT

Grenn bote ki pi laj pase yon gòm kreyon


E EVOLISYON

Grenn bote ki chanje koulè, fòm, oswa gwosè, oswa ki grate w iki senyen


KÈK TIP KANSE NAN PO



Melanòm malen se fòm kansè ki plis danjre epi ki potansyèlman mòtèl. Li ka parèt sou fòm yon tach oswa yon bòs ki pigmante, jeneralman tankou yon grenn bote iregilye.



Kasinòm Epidèmoyid ka parèt sou fòm yon blese ki pa geri; tankou yon nodil wouj; oswa yon lezyon plat, ki di, epi ki genyen kal ki bay gratèl, sèyman, oswa ki vin koustiyan. Epitou li ka parèt sou fòm gwo bòs, bòs k ap devlope oswa plak plat ki wouj ki devlope yon fason ki lan.



Keratoz Aktinik (oswa Solè) se yon kondisyon anvan kansè, premye kòmansman kasinòm epidèmoyid. Li jeneralman parèt sou fòm yon pwen tou piti, ki di sou po a.



Kasinòm Bazoselilè se kansè nan po ki plis kouran epi ki ka trete. Li ka sanble ak yon ti bòs ki swa, ki blan ki klere, oswa bòs ki genyen lasi avèk veso sangen yo; plak ki plat, ki genyen kal, ki genyen koulè chè oswa mawon; oswa yon blese ki pa geri.

REMAK: Akòz tip kansè nan po a kapab difisil pou idantifye, li enpòtan pou ou chèche dyagnostik yon founisè swen sante osito posib lè ou remake nenpòt tip iregilarite nan po a.